

NeMutungamiri
Thomas S. Monson



“Wakamuka”

UCHAPUPU HWEMUPOROFITA

“Shoko riripachena revaKristu pasi rose,” Mutungamiri Thomas S. Monson vakataura pachena, nderekuti Jesu weNazareta wakamuka kubva kuvakafa. “Chokwadi cheKumuka Kuvaka chinopa kumunhu nekuna vese rugare runopfuura kunzwisisa.” (ona VaFiriipi 4:7).¹

Mundima diki dzinotevera, Mutungamiri Monson vanogovera uchapupu nerutendo rwavo rweKumuka Kuvafa kweMuponesi uye vanotaura pachena kuti nokuda kwekuti Mwanakomana akakunda rufu, vana vose vaBaba vanouya panyika vachararama zvakare.

Upenyu mushure meUpenyu Hunofa

“Ndinobvuma kuti hapana ani wedu anokwanisa kunzwisisa zvakazara makoshero ezvatakaitirwa na-Kristu muGetsemane, asi ndinotenda zuva rega rega roupenyu hwangu nekuzvipira kwerudzikinuro Kwake akatimiririra.

“Panguva yokupedzisira, Aikwanisa kunge akadzokera kumasure. Asi Haana. Akapfuura nemuzvinhu zvose kuitira kuti Akwanise kuponesa zvinhu zvose. Mukudaro, Akatipa upenyu hunopfuura uhwu huno hunofa. Akatidzikinura kubva muKuputsika kwaAdamu.

“Nemukati kati chaimo memweya wangu,

ndinotenda kwaAri. Akatidzidzisa mararamiro. Akatidzidzisa mafiro. Akachengetedza ruponeso rwedu.”²

Kubvisa Rima roRufu

“Mune mamwe mamiroro ezvinhu, semukutambura kukuru nomuurwere, rufu runouya sengirozi yetsitsi. Asi kazhinji, tinorufunga semuvengi werufaro rwevanhu.

“Rima rerufu rinokwanisa kubviswa nechiedza chechokwadi chakazarurwa. ‘Ndini kumuka, noupenyu,’ akataura Tenzi. ‘Unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama: Mumwe nomumwe uri mupenyu, unotenda kwandiri, haangatongofi.’

“Ruvimbiso urwu—hongu, kunyangwe rusimbiso rutsvene—rweupenyu seri kweguva runokwanisa kupa runyararo rwakavimbiswa neMuponesi apo Akavimbisa vadzidzi Vake: ‘Ndinokusiyirai rugare, ndinokupai rugare rwangu; handikupiyi sokupa kwenyika. Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa, irege kutya.’”³

Haapo Pano

“Muponesi Wedu Akararama zvakare. Chiitiko chikurusa chinoshamisa, chinonyaradza, uye chinosisimbisa chinokunda zvimwe zvose zviitiko zvenhorondo yevanhu chakanga chatora nzvimbo—kukundwa kwerufu.

Kurwadziwa nokutambura kukuru kwemuGetsemane neKarivari kwakanga kwabviswa. Ruponeso rwevanhu rwakanga rwachengetedzwa. Kuputsika kwaAdamu kwakanga kwatorwa zvakare.

“Bwiro rakashama magwanani iwayo okutanga eIsita rakava mhinduro kumubvunzo waJobo, ‘Kana munhu akafa, achararama zvakare here?’ Kuna avo vose vanonzwa inzwi rangu, ndinotaura pachena, kana munhu akafa, achararama zvakare. Tinoziva, nokuti tinechiedza chechokwadi chakazarurwa. . . .

“Mabhuradha nemasisita angu anodikanwa, munguva yedu yerusuwo rwakadzikisa, tinokwanisa kutambira runyaroro rukuru kubva mumashoko engirozi pamagwanani ekutanga eIsita: ‘Haapo pano: nokuti akamuka.’”⁴

Vese Vachararama Zvakare

“Tinoseka, tinochema, tinoshanda, tinotamba, tinoda, tinorarama. Uye zvino tozofa. . . .

“Uye taizoramba takafa dai pasina Murume mumwechete nebasa Rake, kunyangwe Jesu weNazareta. . . .

“Nemoyo wangu wose nechido chikuru chomweya wangu, ndinosimudza inzwi rangu mukupupura sechapupu chakakosha ndichitaura pachena kuti Mwari chaizvo Vanorarama. Jesu Mwanakomana Wavo, Mumwechete Akaberekwa waBaba munyama. Ndiye Mununuri wedu; Ndiye Muyanansi wedu naBaba. Ndiye akafa pamuchinjikwa kudzikinura zvivi zvedu. Akava muchero wokutanga weRuponeso Nokuti Akafa, vose vachararama zvakare.”⁵

Uchapupu hweMuporofita Pachake

“Ndinotaura pachena uchapupu hwangu pachangu kuti rufu rwakakurirwa, kukunda pamusoro pebwiro kwakawanikwa. Mashoko akaitwa anoyera naIye uyo akaazadzikisa ngaave ruzivo chairwo kuna vose. Arangarirei. Achengetei norudo mupfungwa. Akudzei. Wakamuka”⁶

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “He Is Risen,” *Riahona*, Kubvumbi 2003, 7.
2. “At Parting,” *Riahona*, Chivabvu 2011, 114.
3. “Now Is the Time,” *Riahona*, Ndira 2002, 68; onawo Johane 11:25–26; 14:27.
4. “He Is Risen,” *Riahona*, Chivabvu 2010, 89, 90; onawo Jobo 14:14; Mateo 28:6.
5. “Ndinoziva Kuti Mununuri Wangu Mupenyu!” *Riahona*, Chivabvu 2007, 24, 25.
6. *Riahona*, Kubvumbi 2003, 7.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mushure mokugovera zvitapwa zvinobva mushoko reMutungamiri Monson, ona uchapupu hwavanopa hwechaizvo zvinoreva Isita. Unokwanisa kubvunza nhengo dzemhuri mibvunzo inotevera; “Zvinorevei kwamuri kuti muporofita mupenyu akapupura nezve chokwadi ichi nhasi uno? Mungazvishandisa sei muupenyu hwenyu?” Funga kuwedzera uchapupu hwako.

VECHIDIKI

Ndichamuona Zvakare

NaMorgan Webecke

Baba vaiita kuti mumwe nemumwe wedu isu vana anzwe kuti akakosha. Vaitida uye vairegerera zviri nyore. Vaita zvole zvavaikwanisa kuita chokwadi kuti mumwe nomumwe wedu aifara, uye vaizviburitsa pachena kuti vaida zvakanakisisa kwatiri. Ndaivada zvikuru.

Pandakanga ndiri mugiredhi rechitanhatu, baba vangu vakafa munjodzi yemotokari. Mhuri yangu neni takarwadziwa zvikurusa. Makanga mava neburi guru mumhuri yedu. Baba ndivo vandaimira navo, ndivo vandaienda kwavari kana ndaiva nematambu-dziko. Panekutsvaka rubatsiro, ndakarega shungu nemarwadzo zvichigara mandiri. Ndakapedzisira ndafunga kuti yakanga iri mhosva yaMwari. Ndakaregera kuverenga magwaro matsvene angu nokuita minamoto yangu. Ndaienda kucheche chete nokuti Amai vaida kuti ndiende. Ndakaedza kugara kure kure naBaba vangu Vokudenga.

Zvino ndakaenda kukembi yeVasikana Vechidiki kokutanga. Ndakafara kusangana neshamwari itsva, asi zvakadaro ndakanga ndisingaverengi magwaro matsvene angu. Pamanheru ekupedzisira, takaita musangano weuchapupu. Ndakanzwa chimwe chinhu chandakanga ndisati ndanzwa munguva yakareba: Mweya. Ndakayemura vasikana avo vakasumuka vakapa uchapupu hwavo, asi ndakaramba ndakagara nokuti ndaifunga kuti ndakanga ndisina uchapupu. Pakarepo ndakanzwa kuti ndaifanira kusimuka. Ndakavhura muromo wangu, ndichishama kuti chii chandaizotaura.

Saka ndakati ndaifara nekembi yeVasikana
veChidiki. Zvino ndakazviwana ndichiti ndaiziva
kuti Jesu Kristu akandifira uye kuti Baba vangu
Vokudenga vaindida nokuti Chechi yaiva
yechokwadi.

Ndakazadzwa norunyararo rwaishamisa. Ndino-
tenda nechiiitiko chino nokuti zvino ndavakukwanisa
kutura kuti ndinoziva kuti ndichaona baba vangu
zvakare nokuda kweRudzikinuro neKumuka Kuvakafa
kweMuponesi.



Idai, Taririrai, uye Simbaisai

Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chiwe chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

SeMuponesi, vadzidzisi veku-shanyirana vanotaririra mumwe nomumwe (ona 3 Nefi 11:15). Tinoziva kuti tiri kukunda muutariri hwedu sevadzidzisi vekushanyirana kana masisita edu achikwanisa kuti: (1) mudzidzisi wekushanyirana wangu anondibatsira kukura panezvomweya; (2) Ndinoziva mudzidzisi wekushanyirana wangu ane hanya yakadzama pamusoro pangu nemhuri yangu; uye (3) kana ndiine matambudziko, ndinoziva kuti mudzidzisi wekushanyirana wangu anobatsira asingamiriri kukumbirwa.¹

Isu sevadzidzisi vekushanyirana tingada, kutaririra, nokusimbisa sisita wedu sei? Zvinotevera ipfungwa pfumbamwe dzinowanikwa muchitsauko 7 che *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* kubatsira vadzidzisi vekushanyirana kutaririra masisita avo:

- Munamatirei iye nemhuri yake zuva rega rega.
- Tsvakai femero yokumuziva iye nemhuri yake.
- Mushanyirei nguva nenguva kuti muzive kuti akadii uye kuti munonyaradze nokumusimbisa.
- Garai muchitaura naye nguva dzose kuburikidza nokumushanyira, kumufonera, kunyora tsamba, kumutumira i-meri, kumutumira mashoko neserifone, uye nokuita zvimwe zvinhu

zvomwoyo chena zvakareruka.

- Mumhorosei kumisangano yeChechi.
- Mubatsirei kana aita njodzi, aine urwere, kana kuti aine zvimwe zvaanoda kubatsirwa nazvo nokukurumidza.
- Mudzidzisei vhangeri kubva mumagwaro matsvene nemuMashoko eDzidziso yoKushanyirana.
- Mukurudzirei nokumisa muenzaniso wakanaka.
- Taurai kumutungamiri weChita choRubatsiro pamusoro pemishando yavo uye mamiriro asisita panezvomweya nepane zvenyama.

Kubva muNhoroono Yedu

Kudzidzisa kwekushanyirana kwava chombo chemadzimai eVatendi vaMazuva Ekupedzisira paso rose chokuda, kuriritira, nokushandira—ku ‘ita maererano neidzo tsi-tsi Mwari dzavakasima muzvipfuva (zvedu),’ sekudzidzisa kwakaita Joseph Smith.”²

Mumwe sisita akanga achangofirwa nemurume akati nezvevadzidzisi vekushanyirana vake: “Vakateerera. Vakandinyaradza. Vakachema neni. Uye vakandigumbatira. . . . [Vaka]ndibatsira kubuda mukupererwa nokusuwa kukuru kwemwedzi iyoyo mishoma yokutanga yekusurukirwa.”³

Kubatsira nemabasa epanyama rumwewo rudzi rwekutaririra. Pamusangano mukuru waGumiguru

1856, Mutungamiri Brigham Young vakataura kuti mapayoniya ezviko-chikari zvemaoko vakanga vabatwa muchando chamazaya chakadzika mamaira 270–370 (makiromita 435–595) kubva kwavaienda. Vakaidza Vatendi Vamazuva Ekupedzisira muSalt Lake City kuti vanovabatsira uye “kuti vataririre bedzi chete kuzvinhu zvatinoti zvepanyama.”⁴

Lucy Meserve Smith akanyora kuti madzimai vakabvisa zvipfeko zvavo zvepitikoti nemasokisi zvinodziya ipapo chaipo patabanekeri uye vakazvizadza muzvikochikari kuti zviendeswe kumapayoniya ayo akangaaoma nechando. Zvino vakaunganidza zvokufuka nezvokupfeka kuitira avo vaizogumisira vauya nezvishandiso zvishoma. Pakazosvika zvikwata zvezvikochikari zvemaoko, imba huru muguta yakanga “yadzwa nezvokudya, zvokunwa nozvokushandisa zvavo.”⁵

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Julie B. Beck, “What I Hope My Granddaughters (and Grandsons) Will Understand about Relief Society,” *Riahona*, Mbudzi. 2011, 113.
2. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 112.
3. *Daughters in My Kingdom*, 119–20.
4. Brigham Young, “Remarks,” *Deseret News*, Gumiguru 15, 1856, 252.
5. Ona *Daughters in My Kingdom*, 36–37.

Kubva muMagwaro Matsvene

Luke 10:38–39; 3 Nefi 11:23–26; 27:21

Chii Chandingaite?

1. Ndingaziva sei kuti masisita angu anoda chii?

2. Masisita angu angaziva sei kuti ndinehanya yakadzama pamusoro pavo?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.